

# 1,000 Liv Anvan Klas Matènèl

Nivo 4, 301-400

## JWE


Timoun aprann anpil sou lòt lang lè y ap jwe. Timoun panse senbolikman lè y ap jwe, se sa ki ede yo konprann mo moun pale ak ekri kapab tradui bagay ki reyèl ak ekseryans Jwe ka ede timoun yo esprime tèt yo epi mete panse yo an pawòl tou.

### Liv ki Sipòte Jwèt:

- Liv entè-aktif
- Liv mouvman



**Tanpri ranpli yon boul pou chak liv ou li.**



Ou fèk li 400 liv! Remèt fèy sa nan bibliyotèk la pou etikèt ou a epi kòmanse nan lòt nivo a.

# Aktivite ki bay plezi pou eseye lakay ou:

**Pratike konesans lèt yo.** Soti deyò epi fè desen lèt alfabè yo atè ak lakkò. Fè timoun ou an trase sou lèt yo ak dlo epi yon penso. Ankouraje yo pou fè son lèt la pandan y ap trase l.

**Lè y ap benyen se lè plezi.** Lè y ap benyen se yon bon moman pou jwe. Si ou genyen kèk jwèt pou jwe lè w ap benyen, mande timon ou ki son bagay sa fè, oubyen ki koulè l. Ankouraje yo pou imite son oubyen mouvman tankou "ki zannimo ki fè kwak? Ou kapab fè li tou? Ann fè son tankou yon kana" Y ap pran anpil plezi epi pratike kapasite konsyans fonologik yo an menm tan.

**Ki bri sa?** Lè w ap jwe ap timoun ou, pran plezi fè diferan bri ak diferan jwèt yo, tankou kamyon, pope oubyen zannimo yo. Tande diferan son ak esperimante yon varyete son, ton ak volim ede timoun ou devlop baz ki nan lang nan.

**Fè yon boutèy sansoryèl.** Itilize yon boutèy ki solid epi tanpli l ak atik tankou diri, ak ti figurin (figurin) yo. Kole bouchon an fèmen. Fè timoun ou an souke epi esplore boutèy la pou l jwenn bagay ki kacheannan. Pale ak timoun ou pandan y ap jwe pou ankouraje langaj oral yo ak kapasite vokabilè yo. Li bon anpil tou pou pote nan machin tou.

**Esplore fòm yo.** Identife fòm yo se avangadis nan aprantisaj lèt yo. Fè pitit ou jwe ak fòm blòk ki diferan oubyen ale fè lachas dèye bèt aloufa ki ozalantou lakay ou.

**Konsèy pou lè ou okipe:** Yon jwèt senp tankou jwèt-bouche-je (peek-a-boo) pandan w ap fè makèt kapab genyen yon gwo enpak. Jwe ede timoun vin pi konsyan de kò yo, ogmante kiryozite yo epi devlope sans imè yo.

**5 liv prefere m yo:**

